

# PWOSESIS ABRI KOMEN AK KANALIZASYON NFI OIM NAN GWOUP TRAVAY LOJISTIK AYITI

## 1 Aplikasyon

- Ranpli fòmilè demann atik yo [Supply Application Form](#) (SAF). 
- Voye l sou : [haiti.clustercargo@wfp.org](mailto:haiti.clustercargo@wfp.org) ak tout rapò evalyasyon an. Si yo pa resevwa rapò evalyasyon an, yo pap aksepte SAF la.
- Gwoup travay lojistik la resevwa fòmilè a epi li gen 24è pou li bay akize resepsyon.
- Fòmilè a al jwenn OIM pou verifikasyon.

- Fòk SAF la ale ak lòt enfòmasyon sa yo:
- Rapò evalyasyon an tou konplè;
  - Komin/Seksyon/Lokalite òganizasyon an planifye distribisyon pou li a;
  - Detay sou kantite moun k ap travay ak metodoloji pou distribisyon òganizasyon an;
  - Deskripsyon mekanis konsiltasyon ak/osnon kowòdinasyon nan nivo teren;

## 2 Verifikasyon

- OIM, nan tèt kole ak gwoup travay abri a, verifye ak anpil pre-kosyon chak SAF epi kontakte òganizasyon ki fè demann nan pa imèl si li bezwen lòt enfòmasyon.
- Apre verifikasyon OIM ap voye SAF la bay DPC pou otorizasyon.

## 3 Otorizasyon

- Sou otorizasyon DPC, òganizasyon ki fè demann nan ak depo teren ap resevwa yon imèl pou fè livrezon atik ki nan demann nan.
- Òganizasyon ki fè demann nan ap gen yon dèle 10 jou almanak pou resevwa atik yo.

## 4 Distribisyon

- Se depo teren ki responsab distribisyon yo.

- Òganizasyon ki gen bezwen èd nan transpò dwe soumèt yon fòmilè demann sèvis [Service Request Form](#) (SRF) bay [haiti.clustercargo@wfp.org](mailto:haiti.clustercargo@wfp.org). 
- OIM ka pran transpò a an chaj gratis si gen wout ak sekirite nan pwen distribisyon an.
- Organizasyon ki fè demann nan dwe garanti sekirite .

## 5 Rapò

- OIM dwe resevwa rapò nan pa plis pase 10 (dis) jou almanak apre distribisyon an fin fèt nan itilize fòmilè [telechajab sa a](#). 
- Depi rapò distribisyon an pa remèt, lòt demann pap konsidere.
- Statistik distribisyon yo ap disponib sou entènèt pou tout patnè yo.

- Se responsablite òganizasyon ki fè demann nan pou asire finansman pou aktivite li yo epi kowòdone ak otorite lokal yo evite diplikasyon epi asire sekirite lè distribisyon ap fèt.





